

Kisa lawoujòl ye?

Lawoujòl se yon maladi moun pran akòz yon viris ki simaye fasil ant yon moun ak yon lòt moun. An jeneral, li dire youn ou de semèn. Okòmansman, lawoujòl parèt ak sanble tankou yon rim oswa yon grip. Sentòm moun genyen souvan se yon tous, gwo lafyèy, nen k ap koule epi ki wouj, zye k ap fè dlo . Nan kèk jou apre, ap genyen yon enflamasyon wouj ak tach sou figi a, epi ansuit l ap simaye nan rèz kò a.

Èske lawoujòl danjere?

Wi. Anpil fwa, lawoujòl lakòz dyare, enfeksyon nan zòrèy ak enfeksyon nan poumon. Konsekans lawoujòl ki mwen komen yo se lè moun nan vin soud, avèg, lè li gen twoub malkadi ak lòt maladi sèvo. Lawoujòl kapab lakòz enflamasyon nan sèvo a ak lanmò tou, menmsi se yon ka ki ra nan Etazini. Lawoujòl pi danjere pou timoun ki poko gen laj 5 ane, pou majè ki gen plis pase 20 tan, pou fanm ansent yo, ak pou moun ki gen sistèm defans yo fèb.

Kouman lawoujòl simaye?

Lawoujòl simaye pi fasil pase prèske nenpòt lòt maladi. Viris ki lakòz lawoujòl viv nan nen ak nan gòj, epi viris la simaye nan lè a lè yon moun ki enfekte estènen, touse, oswa pale. Li kapab rete nan lè a pandan apeprè 2 èdtan. Lòt moun ki tou pre yo kapab pran viris la. Si ou manyen klinèks yon moun ki gen lawoujòl fin itilize, oswa si ou sèvi nan menm tas avèk yon moun ki gen lawoujòl, ou kapab simaye viris la tou. Moun ki gen lawoujòl kapab simaye maladi a nan 4 jou anvan enflamasyon an kòmanse jouk nan 4 jou apre kòmansman enflamasyon an. Premye sentòm yo parèt nan 10 - 14 jou apre yon moun fin pran kontak.

Kimoun ki pran lawoujòl?

- Nenpòt moun ki pa t janm gen lawoujòl, epi ki pa t janm pran vaksen.
- Tibebe ki poko gen laj 12 mwa, paske yo twò jèn pou pran vaksen.
- Adilt ki te pran vaksen anvan ane 1968, paske kèk premye vaksen yo pa t bay pwoteksyon pou lontan.
- Yon ti pousantaj timoun ak majè ki vaksinen ki ka pa t reyaji byen nan vaksen an.

Kijan yo fè dyagnostik lawoujòl?

Paske lawoujòl kapab sanble avèk lòt maladi ki lakòz yon enflamasyon, sèl fason sèten pou konnen si ou gen lawoujòl se pou fè yon tès san. Pafwa tès yo ap fèt avèk pipi oswa avèk yon tanpon yo antre nan nen ou oswa nan gòj ou.

Kijan ou kapab pa pran lawoujòl?

- Anjeneral, yo bay vaksen kont lawoujòl sou fòm yon piki ki rele MMR, ki bay pwoteksyon kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl. Kounye a, gen mwens ka yo obsève pou twa maladi sa yo paske timoun yo pran vaksen kont MMR. Pwoteje



timoun ou yo. Pou fè sa, vaksinen yo lè yo gen laj 12 - 15 mwa, epi vaksinen yo ankò lè yo pral antre nan lekòl matènèl.

- Règleman leta egzije pou sèten gwoup moun pran vaksen kont lawoujòl. Kèk travayè swen sante ak tout timoun ki nan klas matènèl – klas 12yèm ane ak nan kolèj bezwen pran 2 dòz vaksen MMR yo pou yo antre nan lekòl. Timoun ki nan gadri ak nan lekòl pre-matènèl bezwen 1 dòz MMR, epitou travayè gadri yo bezwen pran tou 1 oswa 2 dòz vaksen ki gen lawoujòl ladan, selon laj yo ak lòt faktè. Yo kapab itilize tou yon tè s san ki pwouve iminite pou satisfè egzijans sa a pou tout gwoup yo.
- Majè ki fèt nan ane 1957 oswa apre ane 1957 ta dwe pran omwen 1 dòz MMR.
- Moun ki nan gwoup gwo risk yo tankou travayè swen sante (sa ki touche, sa ki pa touche volontè), etidyan syans sante ak vwayajè entènasyonal yo ta dwe pran 2 dòz MMR, kèlkeswa ane yo te fèt.
- Fanm ki planifye pou fè pitit epi ki pa iminize ta dwe pran MMR omwen 4 semèn anvan yo vin ansent.
- Si ou te pran kontak avèk yon moun ki gen lawoujòl, pale avèk doktè ou oswa avèk enfimyè ou touswit pou konnen si ou bezwen pran yon vaksen. Si ou pran vaksen an nan mwens pase 3 jou (72 èdtan) apre ou fin pran kontak ak viris la, l ap ede pwoteje ou kont lawoujòl. Moun ki pa kapab pran vaksen kapab trete avèk globilin iminitè (antikò IG) jiska 6 jou apre yo fin ekspoze. IG ka pa anpeche ou gen lawoujòl, men li fè maladi a vin pi modere.
- Moun ki gen lawoujòl ta dwe kanpe lwen moun ki pa iminize jouk lè yo santi yo byen ankò. Règleman leta egzije pou yo izole nenpòt moun ki pran lawoujòl pandan 4 jou apre enflamasyon an parèt. Sa vle di yo fèt pou rete lwen espas piblik yo tankou sant sante lajounen yo, lekòl ak travay.

Kisa vwayajè yo ta dwe fè?

Paske lawoujòl pi komen nan lòt pati monn lan, moun k ap vwayaje nan lòt peyi yo ta dwe asire yo pwoteje tèt yo anvan yo vwayaje.

- Tout vwayajè ki gen laj 12 mwa ak plis ta dwe te pran 2 dòz MMR omwen 28 jou apa, yo ta dwe fè yon tè s san ki montre yo iminize.
- Timoun ki gen laj ant 6 mwa jiska 11 mwa ta dwe pran 1 dòz MMR anvan yo vwayaje. Timoun sa yo ap toujou bezwen pran 2 dòz MMR regilye yo lè yo gen laj 12-15 mwa, epi lè yo gen laj 4-6 zan.

Èske vaksen kont MMR se yon bon vaksen?

Wi. Li bon pou pifò moun. Men, yon vaksen, tankou lòt vaksen yo, kapab lakòz efè segondè sou kèk moun. Vaksen MMR kapab lakòz lafyèv, enflamasyon modere, doule pou yon ti tan, oswa li kapab lakòz jwenti yo vin rès. Pwoblèm pi grav, tankou malkadi, pwoblèm senyman oswa reyaksyon alèjik se pwoblèm ki trè ra. Si ou pran vaksen MMR w ap gen plis pwoteksyon pou pa pran lawoujòl, epitou pifò moun yo pa gen okenn pwoblèm avèk vaksen an.



Kimoun ki pa ta dwe pran vaksen MMR?

- Moun ki fè alèji grav avèk jelatin, avèk medikaman neyomisin, oswa ki te pran yon dòz vaksen an anvan.
- Fanm ansent oswa fanm k ap eseye vin ansent nan 4 semèn pa ta dwe pran vaksen MMR jouk apre lè yo fin akouche tibebe yo.
- Moun ki gen kansè, VIH, oswa lòt pwoblèm, oswa tretman ki afebli sistèm defans yo ta dwe kontakte doktè yo oswa enfimyè yo anvan yo pran vaksen an.
- Moun ki te pran san pa twò lontan oswa ki te resevwa lòt pwodwi abaz san ta dwe kontakte doktè yo oswa yon enfimyè anvan yo pran vaksen an.
- Moun ki gen gwo lafyèy pa ta dwe pran vaksen an jouk apre lè lafyèy la oswa lòt sentòm yo ale.

Èske travayè swen sante yo ta dwe pran plis prekosyon konsènan lawoujòl?

Wi. Travayè swen sante ki pa iminize kont lawoujòl kapab pran viris la epi simaye li ba pasyan yo, ki ta vin malad yon fason danjere. Se rezon sa a ki fè li rekòmande pou kèk travayè swen sante ki pa gen prèv iminite pa dwe ale nan travay ant 5yèm ak 21yèm jou apre yo fin ekspozè nan lawoujòl, oswa nan omwen 4 jou apre enflamasyon an parèt. Travayè swen sante ki pa gen prèv iminite sewolojik (sètadi, tès san pozitif) dwe gen dokiman ki montre yo te pran 2 dòz vaksen kont lawoujòl, avèk premye dòz la yo te pran apre premye anivèsè nesans yo, epi toulède dòz yo te resevwa apre ane 1967.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Doktè ou, enfimyè ou oswa klinik ou, oswa konsèy sante zòn ou (w ap jwenn li nan anyè telefòn nan anba gouvènman lokal).
- Depatman Sante Piblik Massachusetts, Pwogram Iminizasyon (617) 983-6800, oswa nimewo gratis nan (888) 658-2850, oswa sou sit wèb MDPH nan www.state.ma.us/dph/.
- Moun k ap travay nan domèn swen sante Boston ak moun k ap viv nan Boston ka rele Komisyon Sante Piblik Boston tou nan (617) 534-5611.
- Liy Dirèk Nasyonal CDC Pou Jwenn Enfòmasyon sou Iminizasyon:
 - Angle 1-800-232-2522 oswa Panyòl: 1-800-232-0233 (Lendi – Vandredi, 8am – 11pm)
 - TTY: 1-800-243-7889 (Lendi – Vandredi, 10am – 10pm)

